



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO REYABILITASYON DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB NAN LÈS BUFFALO FINI KOUNYE A

*Gwo renovasyon nan McCarley Gardens Apartments ki gen 149 inite a pral prezève aksesibilite, amelyore efikasite enèji ak sekirite pou fanmi ki gen revni fèb*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon gwo reyabilitasyon nan McCarley Gardens Apartments, yon devlopman lojman abòdab nan Lès Buffalo. Pwojè renovasyon an te enkli efikasite enèji, kondisyon metewolojik, ak lòt amelyorasyon sekirite nesèsè nan devlopman ki gen 46 ane, pandan l ap prezève pri lwaye abòdab pou 149 fanmi.

"Konsèvasyon devlopman lojman abòdab tankou sa a enpòtan anpil pou kenbe katye nou yo estab ak enklizif epi ede fanmi yo pwospere san fado depans eksèsif pou lojman," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Reyabilitasyon McCarley Gardens Apartments te pèmèt yon kay konfòtab ak dirab pou plizyè santèn abitan nan Buffalo, ki pote yon nouvo lavi nan kominote sa a, epi ki te bati sou plizyè ane investisman Eta a nan revitalizasyon katye yo atravè Queen City."

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 7,500 lojman nan pri abòdab nan Buffalo. McCarley Gardens Apartments kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Pwojè McCarley Gardens la te gen ladan gwo reyabilitasyon 21 bilding nan estil kay an ranje yo ki te bati nan lane 1978 ak nouvo konstriksyon kat bilding an ranje adisyonèl ki gen de etaj. Devlopman ki fini an gen kounye a 27 apatman ki gen de chanm, 94 apatman ki gen twa chanm ak 28 apatman ki gen kat chanm. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki gen revni ki nan 60 pousan oswa pi ba nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

Dimansyon renovasyon alenteryè yo te enkli enstalasyon nouvo kwizin ak aparèy, elektwomènaje, akseswa, amwa ak kontwa modènize; nouvo enstalasyon pou twalèt a

fèb debi; ak amelyorasyon kosmetik ki gen ladan nouvo planche ak nouvo penti. Amelyorasyon aleksteryè yo enkli ranplasman konduit dlo lapli ak egou, zòn pakin ki fèk renove ak nouvo twotwa.

Reyabilitasyon an te fèt pou amelyore efikasite enèji devlopman an, itilize pano solè, izolasyon modènize, nouvo fenèt, aparèy ki gen klasifikasyon Energy Star, ak chodyè ki gen gwo efikasite ak chofez dlo kote sa nesesè. Yo prevwa renovasyon yo pral diminye itilizasyon enèji an jeneral nan apeprè 30 pousan.

Ekip devlopman an te gen ladan St. Johns Baptist Church ak BFC Partners.

Sipò Eta a pou reyabilitasyon 57 milyon dola a te enkli 10 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal, 24 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman pou moun ki gen Revni Ba ak 9 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay prèske 210,000 dola nan sipò, ki gen ladan 60,000 dola nan nouvo pwogram Konstriksyon-Lojman pou nouvo bilding de etaj la ak prèske 73,000 dola atravè pwogram ankourajman NY-Sun Solar.

Atravè inisyativ Weatherization Preservation Plus (P+), HCR te bay pwojè a tou 700,000 dola pou enstalasyon fil elektrik anba tè, nouvo bank kontè elektrik, ak nouvo fil elektrik nan chak inite. Inisyativ P+ la konbine resous eta a ak finansman ki soti nan Pwogram Asistans pou Entanperizasyon federal la pou pèmèt travay amelyore kondisyon metewolojik nan devlopman plizyè fanmi ak asistans pou lokasyon ki baze sou pwojè Seksyon 8.

**Komisè Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Investisman 43 milyon dola Eta a nan reyabilitasyon McCarley Gardens Apartments kontinye patenarya depi lontan nou an avèk kominote ki baze sou lafwa nan Buffalo ki te pwodui plizyè milye kay abòdab ak amelyore kalite lavi nan katye atravè vil la. Pou 149 fanmi ki rele McCarley Gardens Apartments lakay yo, pwojè sa a ki anreta ba yo yon anviwònman ki pi an sante ak pi konfòtab ki rete abòdab. Gwo amelyorasyon yo ki te fèt pandan renovasyon yo te redwi konsomasyon enèji devlopman nan prèske yon tyè, sa ki lakòz pi ba pri enèji pou rezidan yo, ak amelyore rezistans kont tanpèt nan move tan. Mèsi a St. John's Baptist Church ak BFC Partners pou ane travay di yo pou rive fè pwojè sa a reyalize."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Fonksyon enèji efikas nan McCarley Gardens, ki gen ladan izolasyon modènize ak nouvo fenèt yo, aparèy ki gen klasifikasyon Energy Star, chofaj ak refwadisman pwòp, ak pano solè sou plas, pral ede fè devlopman an tounen yon kote ki pi an sante, pi abòdab ak konfòtab pou rezidan yo. Pwojè sa montre kòman anba lidèchip Gouvènè Hochul, konbine resous eta a ak patenarya prive-piblik ka bay lojman modènize ak bon jan kalite benefis ki diminye emisyon kabòn pou byennèt tout Nouyòkè yo."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Gwo reyabilitasyon McCarley Gardens se yon temwayaj sou pwojè lojman abòdab kominote a mennen, pou kominote a. New York kontinye investi nan opòtinite sa yo paske nou rekonèt enpak dirèk yo genyen sou amelyorasyon kalite lavi ak kwasans dirab nan pi gwo kominote nou an. Mwen bat bravo pou BFC Partners ak St. John Baptist Church paske yo te kolabore sere sere ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York epi yo te reyalize vizyon pataje yo."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Mwen fyè dèske moman sa a te finalman rive, achèvmman Faz 1 renovasyon McCarley Gardens. Pandan plizyè ane, rezidan yo te rete pasyan epi yo te gade monn nan k ap devlope bò kote yo, e yo t ap mande tèt yo: "Kilè ki pral tou pa nou?" Mèsi a BFC Partners, HUD, St. John's Baptist Church, HCR ak lòt moun, jodi a se finalman jou sa a. Tout moun merite diyite pou yo viv nan yon anviwònman pwòp, an sekirite ak abòdab."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Lojman abòdab kontinye se yon bezwen enpòtan nan Konte Erie, epi gras a Gouvènè Hochul pwojè McCarley Gardens la pral founi 149 inite sa yo, ki sitiye tou pre anba lavil epi tout sa a avèk efikasite enèji amelyore. Sa a se yon investisman entelijan ki reyitilize ak amelyore enfrastrikti ki egziste deja pou pi byen sèvi moun yo epi mwen remèsye tout moun ki enplike yo paske yo te fè li vin yon reyalite."

**Majistra Byron W. Brown te deklare,** "Pwojè sa a felisite devouman kontinyèl administrasyon mwen an nan devlopman ekitab ak lojman abòdab. Vil la te kontribiye 1 milyon dola nan fon HOME pou pwojè a epi mwen fyè pou m jwe yon wòl nan fini pwojè renovasyon McCarley Gardens. Mwen felisite Rev. Michael Chapman, St. John Baptist Church ak Kòporasyon Devlopman Kominotè li a paske yo dirije pwojè sa a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul tou pou sipò li kontinye bay misyon administrasyon mwen an pou l ofri bon jan kalite lojman abòdab nan vil Buffalo."

**Lidè Majorite Konsèy Komen Buffalo a, Leah Halton-Pope, te deklare,** "Anons Gouvènè Hochul pou fini reyabilitasyon McCarley Gardens Apartments make yon etap enpòtan nan misyon kontinyèl nou pou bay priyorite lojman abòdab. Antanke Lidè Majorite a, mwen bat bravo pou inisyativ sa a paske non sèlman li prezève aksesibilite, men tou paske li konsantre sou efikasite enèji, pou asire yon avni dirab pou rezidan Buffalo yo."

**Direktè Jeneral BFC Partners, Donald Capoccia, te deklare,** "Ekip nou an te vin konnen rezidan McCarley Gardens yo trè byen atravè pwosesis renovasyon an, sa ki fè li plis satisfèzan pou konnen 149 fanmi yo kounye a ap jwi kay ki renove anpil epi ki gen efikasite enèji ki amelyore anpil. Nou remèsye tout patnè nou yo nan pwojè sa a avèk rekonesans, tankou St. Johns Baptist Church ak finansman enpòtan ak sipò Eta New York."

**Pastè St. John Baptist Church, Michael Chapman, te deklare,** "Lidèchip Buffalo Black Billion, de legliz, de kanpis ak yon sèl vilaj, remèsye Bondye pou renovasyon McCarley Garden yo. Se aboutisman rèv ak efò ansyen Administrasyon Pastoral St.

John Baptist Church. Pastè Bernie C. McCarley te achte tè a, Pastè Reveran Dr. Bennett W. Smith Sr. te fè konstriksyon an, epi kounye a nou te fini renovasyon 57 milyon dola nan konplèks la. BFC Partners te fè yon travay ekselan nan kowòdone operasyon chak jou, sekirize finansman epi navige nan difikilte pou renovasyon yon sit 6 ekta pandan 149 fanmi rete nan rezidans yo. Nou ta renmen remèsye Onorab Majistra Byron W. Brown nan Vil Buffalo, Direktè Egzekitif Biwo Planifikasyon Estratejik Brendan R. Mehaffy, ak Direktè Lojman Yvonne McCray. Anplis de sa, nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak HCR."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)